Урокан чулацам: Халкъан бартан кхолларалла.

Урокан 1алашо:1. Дозуш долу къамел кхиор,мотт шарбар.
2. Шеен матте безам бахийтар,ларар.
3. Халкъан иллеш, эшарш, туьйранаш, х1етал- металш,кицанаш довзийтар.

Урокан г1ирс: суьрташ.

Урок д1аяхьаран некъ:

1.Дешархой вовшахтохар.

2.Хьехархочун дош.

Шена чохь муьлхха а цхьа парг1ата, кхера лур боцу ницкъ болуш а, дикаха долчу дахаран хьокъехь ойла а еш,оцу ницкъо г1уллакх деш а долчу кхечу дахаре йолу серло гойтура сунна туьйранаша!

Б.С.Саидов.

Туьйранащ- дукха хенахь дуьйна вайн халкъо,кхечу халкъаша а сана, барта дуьйцуш, схьадог1уш долу хабарш ду. Геннаш ,б1еннашшераш хан хьалха кхоьллина ду.Туьйранашкахь дукха ду тамашийна,вай цец дохуш дерш, хазаниг , самукъадоккхуш дерг.
«Тамашийна олхазар», «Кхо ваша».
«къена борз хьаьжийц1а яхар»

3.Инсценировка «Къена борз хьаьжийц1а яхар»

4.Берийн фольклор:

1ийса, Мусса ши ваша ву,
Церан нана Алпату ю,
Алпатун майра Шихмирза ву,
Шихмирзан микхаш ши метар ду.

Пису, пису месала ду,
Нур- Бакъи цул месала ву,
Там бара ц1ахь воцуш со,
Вайн т1о биъна Хилла цо.

Кицанаш.

1.Аьлча дохко вер волу дош ма ала.
2.Аьхка мало- 1ай хало.
3.Аьхка 1иллинарг- 1ай идда.
4.Дика к1ант- г1ала, вон бала.
5.Дикачу к1анта ден дог деладо.
6.Бух боцу шелиг, хих дуьзна дац.
7.Дешар- серло, ца дешар – бода.
8.Вон Хилла атта ду, дика хила хала ду.

Забаре дийцарш.

1. «Цхьаъ Бен воцу к1ант».
2. «Моллин бераш».
3. «Зуьнан ойланаш».
4. «Борз, цхьогал, ча».
5. «Нуц хьошалг1ахь».

Х1етал- металш

Уьш адамийн самукъанечу хабарийн ша тайпа форма ю.Дукха хьолахь берашна лерина ду уьш. Дукха а б1ешерашкахь дуьйна вайнахана юкъахь девзаш а , лелаш а, дуьйцуш а ду х1етал- металщ. Даима а хаттаран а, дустаран кеп ю церан. Къорггера ойла йина бе жоп дала йиш яц царна.

1.Йоьдуш яьсса- йог1уш йуьзна.(к1удал)
2.Дуьненна а тесна архаш.(некъаш)
3.Т1ера схьа мел ийци- йоккха хуьлуш.(ор)
4.Даима юуш, цкъа а ца юзуш.(хьер)
5.Сарралц- ши мостаг1, сарахь- ши доттаг1.(ши не1)
6.Т1ехь- ц1е, к1ел- хи.(лампа)
7.Вайн беда т1ера ах х1искал.(бутт)

5.Урокан жам1 дар.

6. Ц1ахь бан болх балар.